




Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Krikil Pasar Kanthil

Kerikil Pasar Kanthil



Penulis: Maryadi
Illustrator: Isa Anshori

C



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Krikil Pasar Kanthal

Kerikil Pasar Kanthal

Penulis: Maryadi

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia.
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

KRIKIL PASAR KANTHIL (KERIKIL PASAR KANTHIL)

Penulis : Maryadi
Ilustrator : Isa Anshori
Penerjemah : Lusia Lani Setyandari
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Avi Meilawati
 2. Bahasa Indonesia : Aji Prasetyo
Penata Letak : Isa Anshori

Tim Pelaksana : 1. Wuri Rohayati
 2. Wuroidatil Hamro
 3. Nindwihapsari
 4. M. Haris Ardhani
 5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-388-715-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 11/12/14/18/24, Cloudy with a chance of love 24/30, Arial 12/18
ii, 25 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.


Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!
Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi





Pasar Kanthil mapan ing Kalurahan Kalisari. Saben dina pasaran Wagé lan Pahing, pasar iki tansah ramé. Para bakul lan warga Kalisari prasasat tumplek ngebaki papan iku. Pasar sacedhak dhapuran pring larangan iku, saya ramé nalika ngadhepi dina riyaya.

Kayataun-taunkapungkur, Pasar Kanthil mbludak. Pasar kagungané Pemerintah Kalisari iku prasasat ora amot manèh. Kahanan pasar kalurahan iki ramé lan kurang tinata. Bab iku njalari dalan kabupaten sangarep pasar kerep macet.

Pasar Kanthil terletak di Kelurahan Kalisari. Setiap hari pasaran Wage dan Pahing, pasar ini selalu ramai. Para pedagang dan warga Kalisari bagaikan memenuhi pasar. Pasar di dekat rumpun bambu itu semakin ramai menjelang hari raya.

Seperti tahun-tahun sebelumnya, Pasar Kanthil membeludak. Pasar milik Pemerintah Kalisari itu bagaikan tidak muat lagi. Keadaan pasar kelurahan ini ruwet dan kurang tertata. Hal ini menyebabkan jalan kabupaten di depan pasar sering macet.

Para bakul ing Pasar Kanthil sajak marem atine. Gathot, bakul soto ing pojok pasar uga seneng. Senajan wulan pasa, warung soto kang dikrodhong mubeng tetep akèh wong tuku. Laris, bakulé soto nganti kurang dhipan kanggo lengah pelanggan.

Ing sacedhak lawang mlebu, bakul daging pitik ora ngaso. Tangané trampil ngabitké péso. Cacahan daging nuli ditimbang, sajak marem sinambi nampani dhuwit saka pelanggan.

Tumuju ing kios tengah, bakul klambi anyar wiwit dirubung para arep tuku. Sarung, pèci, daster, jilbab, kabèh laris tandha menawa dina bakda wis cedhak. Tukang cukur, bakul goréngan, bakul sayur lan sembako kabèh kelarisan.

Para pedagang di Pasar Kanthil seperti puas hatinya. Gathot, penjual soto di pojok pasar juga senang. Walaupun bulan puasa, warung soto yang diselubungi kain tetap banyak pembelinya. Laris, penjual soto sampai kekurangan bangku untuk duduk pelanggan.


Di dekat pintu masuk, pedagang daging ayam tidak mengaso. Tangannya terampil mengayun-ayunkan pisau. Daging yang dicacah kemudian ditimbang. Penjualnya terlihat puas sambil menerima uang dari pelanggan.

Menuju kios tengah, pedagang pakaian mulai dikerubungi pembeli. Sarung, peci, daster, dan jilbab semua laris pertanda jika hari raya sudah dekat. Tukang cukur, penjual gorengan, pedagang sayur dan sembako semuanya laris.




Pirsa kahanan Pasar Kanthil kang mrihatinaké, Pak Tukijo, Lurah Kalisari, kagungan penggalihan. Piyambaké kepingin ngumpulaké para bakul, saprelu rembugan. Wigatiné rembug, para bakul kasuwun pindhah anggoné dodolan. Kersané Pak Lurah, sadurungé para bakul dikumpulaké, diadani rapat ing kalurahan.

Mengetahui keadaan Pasar Kanthil yang memprihatinkan, Pak Tukijo, Lurah Kalisari, mempunyai gagasan. Beliau ingin mengumpulkan para pedagang untuk bermusyawarah. inti pembicaraan, para pedagang disuruh pindah tempat berjualan. Pak Lurah ingin sebelum para pedagang dikumpulkan, dilakukan rapat di kelurahan.



Wusana diadani rapat ing Kalurahan Kalisari. Para pamong lan utusan bakul padha udhu panemu. Panemuné pamong kang nglabuhi kersané Pak Lurah, ora gathuk karo panemuné utusan bakul. Rapat kang diadani ing kalurahan dina iku, dipungkasi kanthi gagalé kersa Pak Lurah.

Ganti dina, Pak Lurah nuli gèdhèg-gèdhèg. Penggalihé gorèh sawisé pirsa menawa para bakul ora gelem pindah anggonè dodolan. Kepara menawa lurah wani ngatur para bakul, anggoné dadi lurah arep dilereni. Sajaké para bakul wis kepénak golèk asil ing Pasar Kanthil.



Akhirnya diadakan rapat di Kelurahan Kalisari. Pamong desa dan utusan pedagang menyampaikan pendapat. Pendapat pamong yang mendukung keinginan Pak Lurah tidak sepakat dengan pendapat utusan pedagang. Rapat di kelurahan hari itu gagal mewujudkan keinginan Pak Lurah.


Hari berikutnya, Pak Lurah geleng-geleng. Pikirannya galau setelah tahu para pedagang tidak mau pindah tempat berjualan. Bahkan jika Pak Lurah berani mengatur para pedagang, jabatan lurahnya akan dihentikan. Tampaknya para pedagang sudah nyaman mencari penghasilan di Pasar Kanthil.

Tinimbang perkara Pasar Kanthil iki ora rampung, Pak Lurah nuli sambang ing lapangan. Isuk, udakara bakda subuh, Pak Lurah lan Pak Kamituwa tindak ing Pasar Kanthil. Kahanan pasar wiwit ramé. Para bakul padha nggéndhong dagangan saka angkutan umum perdésaan (angkudès) tumuju kios.

Pak Lurah wiwit mirsani tumpukan uwuh ing pojok pasar. Uwuh saka sawernaning barang campur dadi kaya gunung. Botol plastik, krèsèk ireng, sayur, lan woh-wohan bosok campur dadi siji. Grabah pecah, gombal amoh, rambut, lan banyu soto ora ketinggalan.

Daripada perkara Pasar Kanthil ini tidak selesai, Pak Lurah kemudian mengunjungi pasar. Pagi-pagi, kira-kira setelah subuh, Pak Lurah dan Pak Kamitua pergi ke Pasar Kanthil. Situasi pasar mulai ramai. Para pedagang menggendong dagangan dari angkutan desa menuju kios.

Pak Lurah mulai melihat tumpukan sampah di pojok pasar. Sampah segala macam barang bercampur menyerupai gunung. Botol plastik, kantong plastik hitam, sayur, dan buah-buahan busuk bercampur menjadi satu. Gerabah pecah, kain usang, rambut, dan kuah soto tidak ketinggalan.



Bareng karo jedhuling srengéngé, laler ijo wiwit makarya ing uwuh mau. “Pyung ...!” laler atusan cacahé bubar separan-paran. Sawisé tutug ngubal-ubal penyakit nuli mbalik menèh ing tumpukan uwuh.

Angin kang teka, nuli ngosak-asik gandané uwuh. Gandané sumebar ing sadhengah papan.

Wewangunan kios kayu kang dhoyong-dhoyong, dadi sebab Pasar Kanthil kudu didandani. Sokur menawa para bakul ditanting sepisan manèh, nuli gelem pindhah. Ninggalaké papan rupak iki, pindhah ing tilas wewangunan sekolah.

Bersamaan dengan terbitnya matahari, lalat hijau mulai beraksi di sampah itu. “Pyung ...!” ratusan lalat berhamburan ke mana-mana. Setelah puas menyebarkan penyakit, lalat kembali ke tumpukan sampah.

Angin datang menyebarkan bau sampah. Baunya menyebar ke segala tempat.

Bangunan kios yang doyong menyebabkan Pasar Kanthil harus dibenahi. Syukur kalau para pedagang diminta sekali lagi, kemudian mau pindah. Meninggalkan tempat yang berantakan ini, pindah ke bekas bangunan sekolah.



Ing dina cindhaké, Pak Lurah nimbali Pak Kamituwa lan Bu Carik. Priyayi telu mau padha ngrembug kahanan Pasar Kanthil kang saya mrihatinaké. Gandhèng ora pati sranta, Bu Carik usul supaya para bakul digusur waé. Piyambaké ora kepingin mriksani uwuh-uwuh numpuk ing pojok Pasar Kanthil.

Pak Kamituwa nuli ngendika. Menawa nganggo digusur, para bakul mesthi padha ngamuk. Pangamuking para bakul, bisa-bisa malah nambah perkara. Perkara Pasar Kanthil iki ora pareng dirampungi kanthi gawé rusaking katentreman.

Priyayi loro padha adu panemu. Bu Carik kang kawit mau lenggah, tumuli jumeneng. Astané nggolèki kontak (nomor télépon) ing HP kagungané.

Pada hari berikutnya, Pak Lurah memanggil Pak Kamitua dan Bu Carik. Mereka bertiga membahas keadaan Pasar Kanthil yang semakin memprihatinkan. Karena tidak sabar, Bu Carik usul supaya para pedagang digusur saja. Beliau tidak ingin melihat sampah menumpuk di pojok Pasar Kanthil.

Pak Kamitua lalu berbicara. Jika digusur, para pedagang pasti mengamuk. Amukan para pedagang, bisa jadi malah menambah masalah. Masalah Pasar Kanthil ini tidak bisa diselesaikan dengan merusak ketenteraman.

Kedua orang itu beradu pendapat. Bu Carik yang dari tadi duduk, kemudian berdiri. Tangannya mencari nomor telepon di ponselnya.

“Bu, ajeng pripun?”
pitakoné Pak Kamitua marang Bu Carik. Priyayi putri iku sajak ora wangsulan. Keprungu suwarané Gathot bakulé soto saka HP (*Handphone*) kagungané Bu Carik.

“Thot, sampéyan tak tunggu nang kalurahan!” pamundhuté Bu Carik.

“Wonten dhawuh menapa nggih, Bu?” suarané Gathot sajak bingung. Tanpa wangsulan, HP kang ana astané Bu Carik nuli dipatèni.

Gathot nuli mancal pit onthèl. Kanthi kebak rasa waswas tumuju ing Kalurahan Kalisari. Atiné sumelang menawa didukani déning Bu Carik. Kringeté dléwéran nglebusi kaos kang kebak jamur gombal. Tumeka papan kang dituju, pit nuli dientun ing parkiran.

“Bu, mau bagaimana?”
Pak Kamitua bertanya kepada Bu Carik. Wanita itu tidak menjawab. Terdengar suara Gathot penjual soto dari ponsel milik Bu Carik.

“Thot, kamu kutunggu di kelurahan!” kata Bu Carik.

“Ada apa, Bu?” suara Gathot terdengar bingung. Tanpa menjawab, Bu Carik mematikan ponsel di tangannya.

Gathot mengayuh sepedanya dengan rasa cemas menuju Kelurahan Kalisari. Hatinya khawatir kalau dimarahi Bu Carik. Keringatnya bercucuran membasahi kaus yang penuh jamur. Sampai tempat tujuan, sepeda dituntun ke tempat parkir.



Priksa menawa kang ditimbali wis sowan, Bu Carik nuli paring dhawuh. Pasuryané duka.


“Wangsulana, ya Thot ...! Kepriyé karepmu sakanca, généya didhawuhi pindhah ing tilas sekolahana ora manut?”

“A ... a ... a ... anu, Bu Carik,” wangsulané Gathot ndrodhog, “Kula sakanca sampun kadhung remen ing Pasar Kanthil.”

Tahu kalau yang dipanggil sudah datang, Bu Carik memberi perintah. Raut wajahnya marah.

“Jawablah, Thot ...! Apa maumu dan teman-teman, mengapa disuruh pindah ke bekas sekolah tidak menurut?”

“A ... a ... a ... anu, Bu Carik,” jawab Gathot gemetar, “saya dan teman-teman sudah terlanjur senang di Pasar Kanthil.”



“O ... o ... o, dadi ora ngerti ta, yèn Pasar Kanthil kuwi duweké pemerintah Kalisari? Banjur kaé, uwuh kang sawektu-wektu iso jugrug anggepmu ora mbebayani?” Bu Carik mentheleng.

Gathot kang amung dhéwékan ora bisa wangulan. Pungkasané dhèwèké amung meneng, ndhungkluk. Pengarep-arepé énggala didhawuhi mulih.



“O ... o ... o, jadi tidak tahukah kalau Pasar Kanthil itu milik pemerintah Kalisari? Lantas sampah yang sewaktu-waktu bisa longsor apa menurutmu tidak berbahaya?” Bu Carik melotot.

Gathot yang hanya sendirian tidak bisa menjawab. Akhirnya dia hanya diam, menunduk. Dia berharap segera disuruh pulang.



Kaya padatan dina Minggu Wagé Pasar Kanthil wiwit ramé. Warga kang kepingin mapag riyaya, wiwit ngebaki Pasar Kanthil. Telung dina sadurungé riyaya akèh bakul kang teka. Bab iki nambahi ruwet kahanan ing Pasar Kanthil. Kahanan iki uga nambahi cacahing uwuh, lan ngrusak sesawangan.

Pasar Kanthil kang biyèn katon asri, éndah, lan ngangeni, saiki malik bédha. Para bakul wis ora kelingan ngguwang uwuh ing panggoné. Kabèh uwuh mung diuncalké ing tumpukan. Kahanan lan pakulinan iku njalari pemerintah Kalisari ngadani proyèk pemugaran Pasar Kanthil.


Seperti biasanya pada hari Minggu Wage Pasar Kanthil ramai. Warga yang ingin menyambut hari raya mulai memenuhi Pasar Kanthil. Tiga hari sebelum hari raya banyak pedagang yang datang. Hal ini menambah ruwet kondisi di Pasar Kanthil. Ini juga membuat sampah makin banyak dan merusak pemandangan,

Pasar Kanthil yang dahulu tampak asri, indah, dan membuat orang ingin datang, sekarang berubah. Para pedagang sudah tidak ingat membuang sampah pada tempatnya. Semua sampah hanya dilempar ke tumpukan. Keadaan dan kebiasaan ini menyebabkan pemerintah Kalisari merancang proyek pemugaran Pasar Kanthil.



Plakat kang minangka tetenger proyèk wis dipasang. Saka plakat proyèk iku, tinulis menawa Pasar Kanthil arep dijembarké. Mula dhapuran pring larangan kang ora tau diambah manungsa kapeksa ditegori. Manut kapercayan warga, sing sapa wani negor wit pring larangan bakal nemahi cilaka.

Plakat sebagai penanda proyek sudah dipasang. Di plakat proyek itu tertulis bahwa Pasar Kanthil akan diperluas. Jadi, rumpun bambu larangan yang tidak pernah dijamah orang terpaksa ditebang. Menurut kepercayaan warga, siapa yang berani menebang rumpun bambu larangan akan mengalami celaka.



Suwara bégo nggereng-
nggereng, bareng karo
tempuking pring klawan
sérok bégo. Pating jledhor
pangamuking bégo ngobrak-
abrik pring larangan. Para
warga kang meruhi tandangé
bégo, padha mrinding lan
sumelang.

Proyèk kanggo
njembaraké Pasar Kanthil
digarap awan lan wengi. Pring
larangan kang sekawit rupa
alas, saiki dadi gilar-gilar.
Jembaré Pasar Kanthil dadi
tikel telu saka sadurungé
proyèk.

Suara begu meraung-
raung, bersamaan dengan
beradunya bambu dan sekop
begu. Riuh suara amukan
begu mengubrak-abrik bambu
larangan. Para warga yang
menyaksikan aksi begu merasa
merinding dan khawatir.

Proyek perluasan Pasar
Kanthil dikerjakan siang dan
malam. Bambu larangan yang
semula berupa hutan, sekarang
menjadi lapang dan bersih. Luas
Pasar Kanthil menjadi tiga kali
lipat dari sebelum ada proyek.



Nalika miwiti mbangun pondasi bêtèng pasar, Jakir sambat nggresesi. Awaké lungkrah, mula anggoné kerja ora nutug sedina. Sapar, kancané Jakir kandha menawa larané Jakir marga kena walat dhemit pring larangan. Kabar iku nuli keprungu para warga kang mèlu kerja.

Ketika mulai membangun fondasi benteng pasar, Jakir mengeluh meriang. Badannya lesu, sehingga dia bekerja tidak sehari penuh. Sapar, teman Jakir, mengatakan bahwa penyakit Jakir akibat kena kutukan dedemit bambu larangan. Kabar itu terdengar oleh para warga yang ikut bekerja.



Mbah Parjo, kang dianggep dhukun kasepuhan ing Kalisari diaturi rawuh ing tilas pring larangan. Rawuhé Mbah Parjo disuwuni tulung kanggo nyingkiraké sesuker ing bakal pasar. Ancase para warga kang mèlu nyambut gawé, kalis saka rubéda. Ubaraampé nuli dicawiske. Dupa sakepel nuli diobong. Kukusing dupa mumbul nggayuh angkasa. Gandané dupa nyebar puji pandonga, amrih slameting para warga kang nyambut gawé.

Sapungkuré Mbah Parjo, para warga nuli nerusake anggoné padha nyambut gawe. Durung sida ganti dina, Tarman tenaga ladèn uga sambat nggresesi. Semono uga Paiman, Parto, Parkan, Ian Gadèl. Wong-wong mau padha ngrasakaké tandha-tandha kang padha.

Mbah Parjo, yang dianggap dukun yang dituakan di Kalisari dihadirkan ke bekas bambu larangan. Kehadiran Mbah Parjo dimohon untuk menyingkirkan roh jahat di calon tempat pasar. Tujuannya agar para warga yang ikut bekerja terhindar dari mara bahaya. Perlengkapan disiapkan. Sekepal dupa dibakar. Asap dupa membubung ke angkasa. Aroma dupa menyebarkan doa pujian, demi keselamatan para warga yang ikut bekerja.

Sepulangnya Mbah Parjo, parawargakemudianmeneruskan pekerjaannya. Hari belum berganti, Tarman tenaga peladen juga mengeluh meriang. Begitu juga Paiman, Parto, Parkan, dan Gadel. Mereka merasakan gejala yang sama.



KANTOR KALURAHAN KALISARI

Sapar saya muntab.
Dhèwèké ngajak Gathot, para bakul, lan para warga nglurug ing kalurahan.

“Lurahé kon tanggung jawab iki!” clathuné Sapar marang Pak Kamituwa kang jumeneng ing plataran kalurahan.

Sapar semakin marah.
Dia mengajak Gathot, para pedagang, dan para warga menyerbu kelurahan.

“Pak Lurah disuruh bertanggung jawab!” teriak Sapar kepada Pak Kamitua yang berdiri di halaman kelurahan.

“Iya! Tanggung jawab, apa milih ngaso dadi lurah!” clathuné pawongan saka rombongan mau.

“Copot! Copot! Copot! Copot!” aloké para warga ing plataran kalurahan.

“Bapak-Bapak, nuwunsewu. Sarèh rumiyin!” ngendikané Pak Kamituwa marang para warga.

Pak Kamituwa ngendikakake menawa lelara kang nemahi warga Kalisari wis ditangani petugas Puskesmas. Mula warga ora prelu mikir kang werna-werna. Malah menawa awaké krasa ora kepénak, beciké énggal mertamba menyang Puskesmas.

“Iya! Tanggung jawab, atau memilih berhenti jadi lurah!” teriak seseorang dari rombongan.

“Copot! Copot! Copot! Copot!” teriak para warga di halaman kelurahan.

“Bapak-Bapak, maaf. Sabar dulu!” kata Pak Kamitua kepada para warga.

Pak Kamitua mengatakan bahwa penyakit yang menjangkiti warga Kalisari sudah ditangani petugas Puskesmas. Jadi, warga tidak perlu berpikir macam-macam. Malah jika badan terasa tidak sehat, sebaiknya segera berobat ke Puskesmas.



Seminggu sawisé ontran-ontran ing Kalisari, keprungu kabar menawa Jakir tilar donya. Perkara iki njalari saya cetha menawa larané Jakir marga kena walat dhemit. Nyatané, sadurungé Jakir uga periksa ing Puskesmas, nanging ora mari.

Tumeka wektu jisimé Jakir disucèni. Ragané kuru, merga lelarané muntah lan diaré. Nalika jisimé Jakir diangkat, para warga meruhi obat saka Puskesmas kang isih wutuh. Obat-obat iku dibuwang ing ngisor dhipan. Sajaké, penyakité Jakir wis kadhung ganas tanpa pitulungan saka Puskesmas.

Seminggu setelah keributan di Kalisari, terdengar kabar kalau Jakir meninggal dunia. Hal ini membuat semakin jelas kalau penyakit Jakir karena kena kutukan dedemit. Buktinya, sebelumnya Jakir juga diperiksa di Puskesmas, tetapi tidak sembah.

Tiba waktunya jenazah Jakir dimandikan. Tubuhnya kurus, karena sakitnya muntah dan diare. Ketika jenazah Jakir diangkat, para warga melihat obat dari puskesmas masih utuh. Obat-obat itu dibuang di bawah dipan. Sepertinya, penyakit Jakir sudah telanjur parah sebelum mendapat pertolongan dari puskesmas.

Nalika petugas Puskesmas rawuh ing ngomahé Jakir, ngendika menawa jenaté Jakir nandhang Kolera. Kolera kuwi lelara saka virus Vibrio Cholerae. Virus kang diaturké iku mau bisa ditularaké lantaran panganan utawa wédang. Klebu kéwan kaya déné laler lan coro.

Warga kang krungu ngendikané petugas padha ndlongop.

“Ooooalah, jebul ora kuwalat karo dhemit,” kandhané Pringkil marang Yu Ngatinul.

“We loooh....! Aja-aja uwuh Pasar Kanthil kaé ya Kil?” Yu Ngatinul balik takon.

Petugas Puskesmas ketika datang ke rumah Jakir mengatakan bahwa almarhum Jakir sakit kolera. Kolera adalah penyakit dari virus Vibrio Cholerae. Virus ini bisa ditularkan melalui makanan atau minuman. Bisa juga ditularkan melalui hewan, seperti lalat dan kecoak.

Warga yang mendengar perkataan petugas jadi melongo.

“Ooooalah, ternyata bukan kualat pada dedemit,” kata Pringkil kepada Yu Ngatinul.

“We loooh....! Jangan-jangan sampah pasar Kanthil itu ya, Kil?” Yu Ngatinul ganti bertanya.

Kabar penyakit kang njalari patine Jakir wis sumebar ing Kalisari. Anané pageblug kolera wiwit bisa ditampa déning masyarakat. Masyarakat nuli ngerti menawa laler, tikus, lan coro klebu kewan kang mbebayani. Luwih-luwih ménawa kewan-kewan mau nggawa virus.

Saiki warga Kalisari ngerti menawa pageblug Pasar Kanthil jalaran saka tumpukan uwuh kang dirayah laler nyebaraké virus kang mbebayani. Ora mung nyukeri, jebul uwuh kang ora tumata uga njalari pepati.

Warga uga wiwit ngerti menawa lelara kaya kolera ora perlu diundangké dhukun. Senanjan dhukun sak Kalisari diundang, kelebu uga dhukun bayi ora bisa marèni. Beciké nalika awak krasa nggresesi, nuli periksa ing Puskesmas utawa klinik.

Kabar penyakit yang menyebabkan kematian Jakir sudah menyebar di Kalisari. Adanya wabah kolera mulai bisa diterima oleh masyarakat. Masyarakat jadi tahu bahwa lalat, tikus, dan kecoak termasuk hewan yang berbahaya. Terlebih jika hewan-hewan tersebut membawa virus.

Sekarang warga Kalisari mengerti bahwa wabah di Pasar Kanthil disebabkan oleh sampah yang dikerumuni lalat menyebarkan virus yang berbahaya. Tidak hanya mengotori, ternyata sampah yang tidak tertata juga menyebabkan kematian.

Warga juga mulai tahu jika penyakit seperti kolera tidak perlu dipanggilkan dukun. Meskipun dukun se-Kalisari diundang, termasuk dukun bayi, tidak bisa menyembuhkan. Sebaiknya ketika badan terasa meriang segera periksa ke Puskesmas atau klinik.

Luwih penting manèh, warga tansah njaga resiking lingkungan. Uwuh uwuh aja nganti numpuk. Amarga tumpukan uwuh iku papan kang disenengi kèwan laler, coro, lan tikus.

Lebih penting lagi, warga selalu menjaga kebersihan lingkungan. Sampah jangan sampai menumpuk karena tumpukan sampah akan menjadi tempat yang disenangi oleh lalat, kecoak, dan tikus.



Pak Lurah sinengkuyung para Pamong Kalisari lan para bakul ngadani resik pasar. Uwuh kang numpuk dipisah manut jenisé. Uwuh saka plastik diwadhahi waduh uwuh anorganik. Uwuh anorganik diolah maneh dadi bahan kerajinan.

Pak Lurah didukung para Pamong Kalisari dan pedagang melakukan bersih-bersih pasar. Sampah yang menumpuk dipisahkan menurut jenisnya. Sampah dari plastik diwadahi tempat sampah anorganik. Sampah anorganik diolah lagi menjadi bahan kerajinan.

Kejaba uwuh anorganik, uga ana uwuh organik. Uwuh kang saka sayur, woh, lan gegodhongan dicemplungaké wadah uwuh organik. Uwuh iki diimbu lan dicampur Mikroorganisme Lokal (MOL) kanggo gawé rabuk organik. Déné rabuk organik, bisa kanggo tanduran ing calon taman pasar anyar.

Kejaba reresik uwuh, Kalurahan Kalisari uga mbangun tampungan limbah. Tampungan limbah kanggo wadah limbah banyu. Anané tampungan iki, supaya bakul soto anggoné mbuwang limbah ora ing kali. Dadi, kali sacedhak Pasar Kanthil tetep resik.

Ing pungkasané, Pak Lurah dhawuh marang para warga. Para warga supaya ora lali nutupi panganan. Panganan kang wis dipencoki laler, coro, lan tikus mbebayani kanggoné kesarasan.

Selain sampah anorganik, ada juga sampah organik. Sampah yang berasal dari sayur, buah, dan dedaunan dimasukkan di tempat sampah organik. Sampah ini diperam dan dicampur Mikroorganisme Lokal (MOL) untuk dibuat pupuk organik. Adapun pupuk organik bisa digunakan untuk tanaman di bakal taman pasar baru.

Selain membersihkan sampah, Kelurahan Kalisari juga membangun tampungan limbah. Tampungan limbah untuk mewadahi limbah air. Adanya tampungan ini, agar penjual soto membuang limbahnya tidak ke sungai. Jadi, sungai di dekat pasar Kanthil tetap bersih.

Akhirnya, Pak Lurah menyuruh para warga supaya tidak lupa menutupi makanan. Makanan yang dihinggapi lalat, kecoak, dan tikus berbahaya bagi kesehatan.

Pak Lurah ngendika marang warga. Uwuh kang ora tinata bisa dadi bebaya. Kaya déné krikil kang bisa mblèndèr. Sewaliké, menawa dirumat kanthi becik bisa uga migunani.

Pasar Kanthil saiki wis katon resik, jembar, lan asri. Kahanan pasar kang éndah njalari para bakul tambah akèh. Resiking pasar lan akèhing bakul bisa nambah makmur Kalurahan Kalisari.

Pak Lurah berbicara kepada warga. Sampah yang tidak tertata bisa menjadi bahaya. Bagaikan kerikil yang bisa menyebabkan tergelincir. Sebaliknya, jika dikelola dengan baik bisa juga bermanfaat.

Pasar Kanthil sekarang terlihat bersih, luas, dan asri. Keadaan pasar yang indah menyebabkan para pedagang semakin banyak. Pasar yang bersih dan pedagang yang banyak bisa menambah kemakmuran Kelurahan Kalisari.

Biodata

Penulis



Maryadi, warga Yogyakarta, lahir di Kulon Progo 17 November 1985. Lebih dari 18 tahun mengabdi sebagai pengajar. Saat ini mengajar di SD Negeri Jambean, Kapanewon Kokap. Tinggal di Teganing I, Hargotirto, Kokap, Kulon Progo.

Penerjemah



Lusia Lani Setyandari, seorang IRT paruh baya dengan tiga anak remaja. Ibu ini membiasakan dan mengajarkan berbahasa Jawa di lingkup keluarganya. Kadang ia merasa resah menyadari banyak orang yang kesulitan menggunakan bahasa Jawa dengan baik dan benar. Dipercaya menjadi salah satu penerjemah naskah berbahasa Jawa di Balai Bahasa DIY menjadi kehormatan baginya. Setelah berkecimpung dalam pekerjaan di dunia perbukuan sementara waktu, penerjemahan buku-buku berbahasa Jawa menjadi angin segar baginya. Ibu ini sungguh berharap, dengan pembiasaan berbahasa Jawa sejak dulu melalui buku cerita anak akan membawa manfaat besar. Menurutnya, hal ini akan selaras dengan amanat UU No. 24/2009, yang memuat intisari “utamakan bahasa Indonesia sebagai bahasa Negara, lestarikan bahasa daerah, dan kuasai bahasa asing”. Semoga.

Ilustrator



Isa Anshori lahir di Sidoarjo, 1971. Menyelesaikan studi S-1 Disain Komunikasi Visual ISI Yogyakarta, 1998. Setelah itu bekerja di beberapa rumah produksi di Jakarta. Terlibat dalam pembuatan film animasi *Janus: Prajurit Terakhir* produksi Spektrafilm (2002) dan pembuatan desain karakter serial animasi *Didi Tikus* (2010). Tahun 2008 kembali ke Yogyakarta dan bergabung ke PlanB Studios Yogyakarta hingga 2010. Sejak 2011 sampai sekarang berkarya di Sweatbox Animation Yogyakarta dan sesekali menggambar komik dan ilustrasi untuk beberapa penerbit.



Penyunting Bahasa Jawa

Avi Meilawati adalah seorang pegiat bahasa Jawa yang lahir di Surakarta pada tanggal 2 Mei 1983. Beliau merupakan seorang dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa yang berkegiatan mengajar, meneliti, menulis, dan menjadi narasumber pada kegiatan-kegiatan yang berhubungan dengan bahasa Jawa. Buku yang pernah diterbitkan adalah Metode Pembelajaran Bahasa Jawa.



Penyunting Bahasa Indonesia

Aji Prasetyo, lahir pada tahun 1976 di Semarang. Menamatkan pendidikan Sarjana Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada pada tahun 2002. Pernah bekerja di Kantor Bahasa Provinsi Sulawesi Tenggara tahun 2006–2012. Sejak 2012—sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menghubungi melalui posel ajiprasetyo2009@gmail.com.





KALURAHAN KALISARI

LOKASI
PROYEK PELEBARAN
PASAR KANTHIL

Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



The screenshot displays a digital library interface with a grid of book covers. Each book entry includes the title, author/publisher, genre (e.g., Pembaca Awal, Jawa), and a small icon. A large, stylized speech bubble containing the URL is overlaid on the top right. At the bottom, three physical children's books are shown standing upright, each with a different colorful cover and title.

| Book Title | Author/Publisher | Genre | Rating |
|-------------------------|-------------------------|--------------|---------------|
| Suguhan Mligi | Hidangan Istimewa | Pembaca Awal | Jawa 1 21 |
| MIRENGAKE TANDHA KETIGA | REFLEKSI DAN PENGALAMAN | Pembaca Awal | Jawa 1 7 |
| Ombeenan Apa Kuwi... | Wisesa Bocah Mas? | Pembaca Awal | Jawa 1 147 |
| NANAS MADUNE PAK BORU | Pase Madune | Pembaca Awal | Jawa 1 127 |
| Mburu KEYONG MAS | Berburu Keong Mas | Pembaca Awal | Jawa 1 26 |
| Kelangan Totol | Ruwen Kelangan To... | Pembaca Awal | Jawa 1 20 |
| GOLEK ENTHUNG | Berburu Kapompong | Pembaca Awal | Jawa 1 10 |
| Pandu Bisa Blanja | Pandi Bisa Belanja | Pembaca Awal | Jawa 1 26 |
| NANAS MADUNE PAK BORU | Pase Madune | Pembaca Awal | Jawa 1 127 |
| Adoh Ratu, Cedhak Watu | Pasehi inti Sariyati | Pembaca Awal | Jawa 1 4 |

Books at the bottom:

- ANGON WEDHUS Gembel** (Henggembala Domba)
- Dolanan Gobag Sodor** (Dosen Gobag Sodor)
- Bayu Ian Walang Kayu** (Ayam dan Bebek yang Kaya)



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Pasar Kanthil mapan ing Kalurahan Kalisari, sacedhak pring larangan. Kahanan pasar kang kebak uwuh, njalari Pak Lurah ngersakaké pasar dipindah. Rèng-rèngan pindah pasar ditolak déning para bakul. Para bakul wis rumangsa seneng lan marem bebakulan ing Pasar Kanthil. Pungkasané rembug, Pasar Kanthil ora dipindah, nanging mung dijembaraké. Proyèk njembaraké Pasar Kanthil ngrusak pring larangan. Akèh para warga kang ketaman lelara, salah sijiné Jakir. Manut aturé, para warga kuwalat dhemit pring larangan. Mbah Parjo, dukun sepuh diaturi paring sarana. Sapar kang uga mèlu kerja ing proyèk iku, njaluk tanggung jawabé Lurah Kalisari. Sanalika kahanan dadi gègèr. Kepriyé pungkasané cerita iku?

Pasar Kanthil berada di Kelurahan Kalisari di dekat bambu larangan. Kondisi pasar yang penuh sampah membuat Pak Tukija (Pak Lurah) menginginkan pasar ini dipindah. Rencana pemindahan pasar ini ditolak oleh para pedagang. Mereka sudah merasa senang dan puas berjualan di Pasar Kanthil. Akhirnya, Pasar Kanthil tidak dipindah, hanya diperluas. Proyek perluasan pasar Kanthil merusak bambu larangan. Banyak warga yang menderita sakit, salah satunya Jakir. Menurut para warga, Jakir kualat pada dedemit bambu larangan. Mbah Parjo, seorang dukun tua, diminta memberikan sarana. Sapar yang ikut kerja dalam proyek itu meminta pertanggungjawaban Pak Lurah Kalisari. Seketika keadaan menjadi gempar. Bagaimana akhir cerita ini?

